

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
TITUS 1	TITUS 1
1:1 Pauro muranda waMwari, nemuapositori waJesu Kristu, zvichienderana nerutendo rwevasanangurwa vaMwari nekugamuchira chokwadi chiri pauMwari,	1:1 Paul, a servant of God and an apostle of Jesus Christ for the faith of God's elect and the knowledge of the truth that leads to godliness—
1:2 patariro yeupenyu hwusingaperi, uhwo Mwari usingarevi nhema hwaakavimbisa, nhambo dzenguva dzisati dzavapo,	1:2 a faith and knowledge resting on the hope of eternal life, which God, who does not lie, promised before the beginning of time,
1:3 asi panguva dzakafanira wakaraidza shoko rake kubudukidza nekuparidza kwakakumikidzwa kwandiri zvichienderana nemurairo waMwari Muponesi wedu,	1:3 and at his appointed season he brought his word to light through the preaching entrusted to me by the command of God our Savior,
1:4 kuna Tito, mwana wangu chaiye parutendo rwakafanana: Nyasha, tsitsi, rugare zvinobva kuna Mwari Baba nalshe Jesu Kristu Muponesi wedu.	1:4 To Titus, my true son in our common faith: Grace and peace from God the Father and Christ Jesus our Savior.
1:5 Nekuda kwaizvozvi ndakakusiya paKrete, kuti ugadzirise zvinhu zvakasara, uye ugadze vakuru muguta roga roga, sezvandakakuraira;	1:5 The reason I left you in Crete was that you might straighten out what was left unfinished and appoint[a] elders in every town, as I directed you.
1:6 kana ani nani usina chaangapomerwa, murume wemukadzi umwe, une vana vakatendeka, vasingapiwi mhosva yebongozozo, kana kusateerera.	1:6 An elder must be blameless, the husband of but one wife, a man whose children believe and are not open to the charge of being wild and disobedient.
1:7 Nekuti mutariri unofanira kuva usina chaangapomerwa semuchengeti weimba yaMwari; asingaiti kuda kwake, asingakurumidzi kutsamwa, asingadi waini, asingarwi, asingakariri fuma inonyangadza;	1:7 Since an overseer is entrusted with God's work, he must be blameless—not overbearing, not quick-tempered, not given to drunkenness, not violent, not pursuing dishonest gain.
1:8 asi unofarira kugamuchira vaenzi, unoda zvinhu zvakanaka, wakasvunura, wakarurama, mutsvene, unozvidzora,	1:8 Rather he must be hospitable, one who loves what is good, who is self-controlled, upright, holy and disciplined.
1:9 unobatisisa shoko rakatendeka sezvaakadzidziswa, kuti agone kukurudzira nedzidziso mhenyu, nekupwisa vakakavari.	1:9 He must hold firmly to the trustworthy message as it has been taught, so that he can encourage others by sound doctrine and refute those who oppose it.
1:10 Nekuti vazhinji varipo vasingateereri, vanotaura zvisina maturo nevanyepedzeri, zvikuru avo vekudzingiswa,	1:10 For there are many rebellious people, mere talkers and deceivers, especially those of the circumcision group.
1:11 miromo yavo inofanira kudzivirwa; vanopidigura dzimba dzose, vachidzidzisa zvinhu zvavasingafaniri nekuda kwefuma yakaipa.	1:11 They must be silenced, because they are ruining whole households by teaching things they ought not to teach—and that for the sake of dishonest gain.
1:12 Mumwe wavo muporofita wekwavo, wakati: VaKrete vagara vari varevi venhema, zvikara zvakaipa, simbe dzinokara.	1:12 Even one of their own prophets has said, "Cretans are always liars, evil brutes, lazy gluttons."
1:13 Uchapupu uhwo ndehwechokwadi. Nekuda kwechikonzero ichi uvatsiure zvikuru, kuti vagwinye parutendo.	1:13 This testimony is true. Therefore, rebuke them sharply, so that they will be sound in the faith

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
1:14 vasingateereri ngano dzevaJudha, nemirairo yevanhu vachizvifuratidza kuchokwadi.	1:14 and will pay no attention to Jewish myths or to the commands of those who reject the truth.
1:15 Kuvatsvene zvinhu zvose zvitsvene; asi kune vakasvibiswa vasingatendi hakuna chitsvene, asi kunyange kufunga kwavo nehana zvakasvibiswa.	1:15 To the pure, all things are pure, but to those who are corrupted and do not believe, nothing is pure. In fact, both their minds and consciences are corrupted.
1:16 Vanobvuma kuti vanoziva Mwari, asi pamabasa vanomuramba, zvavari vanyangadzi nevasingateereri, vasingabatsiri pabasa rose rakanaka.	1:16 They claim to know God, but by their actions they deny him. They are detestable, disobedient and unfit for doing anything good.
TITUS 2	TITUS 2
2:1 Zvino iwe taura zvinhu zvakafanira dzidziso mhenyu.	2:1 You must teach what is in accord with sound doctrine.
2:2 Varume vakuru kuti vave vakadzikama, vanokudzwa, vakangwara, vapenyu parutendo, parudo, pakutsungirira;	2:2 Teach the older men to be temperate, worthy of respect, self-controlled, and sound in faith, in love and in endurance.
2:3 saizvozvowo vakadzi vakuru, kuti pamafambiro vave sezvakafanira utsvene, kwete vacheri, kana vanokarira waini zhinji, vadzidzisi vezvinhu zvakana,	2:3 Likewise, teach the older women to be reverent in the way they live, not to be slanderers or addicted to much wine, but to teach what is good.
2:4 kuti vadzidzise vakadzi vaduku kusvinura mufungwa, kuda varume vavo, nekuda vana vavo,	2:4 Then they can train the younger women to love their husbands and children,
2:5 vakachenjera, vakachena, vachengeti vemisha, vakanaka, vanoteerera varume vavo, kuti shoko raMwari rirege kunyombwa.	2:5 to be self-controlled and pure, to be busy at home, to be kind, and to be subject to their husbands, so that no one will malign the word of God.
2:6 Varume vaduku saizvozvo ukurudzire kuti vave vakasvinura;	2:6 Similarly, encourage the young men to be self-controlled.
2:7 pazvinhu zvose iwe uzviratidze semufananidzo wamabasa akanaka, padzidziso isakasvibiswa, nemugariro unokudzwa nekuvimbika,	2:7 In everything set them an example by doing what is good. In your teaching show integrity, seriousness
2:8 nhauro yakagwinya isingagoni kushoorwa, kuti uyo wedivi rinopikisa anyare, asina chinhu chakaipa chaangareva pamusoro penyu.	2:8 and soundness of speech that cannot be condemned, so that those who oppose you may be ashamed because they have nothing bad to say about us.
2:9 Kurudzira varanda kuzviisa pasi pavatenzi vavo, kuti vafadze pazvose, vasingakavari,	2:9 Teach slaves to be subject to their masters in everything, to try to please them, not to talk back to them,
2:10 vasingabi, asi varatidze kutendeka kwakanaka kose, kuti vashongedze dzidziso yaMwari Muponesi wedu pazvinhu zvose.	2:10 and not to steal from them, but to show that they can be fully trusted, so that in every way they will make the teaching about God our Savior attractive.
2:11 Nekuti nyasha dzaMwari dzinoponesa dzakaraidzwa kuvanhu vose,	2:11 For the grace of God that brings salvation has appeared to all men.
2:12 Dzichitidzidzisa kuti, tichiramba kusava neuMwari nekuchiva kwenyika, tirarame nekusvinura, kururama neuMwari panyika yazvino,	2:12 It teaches us to say "No" to ungodliness and worldly passions, and to live self-controlled, upright and godly lives in this present age,

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
2:13 tichimirira tariro yakaropafadzwa, nekuratidzwa kwekubwinya kwaMwari mukuru neMuponesi wedu Jesu Kristu.	2:13 while we wait for the blessed hope—the glorious appearing of our great God and Savior, Jesus Christ,
2:14 wakazvipa nekuda kwedu, kuti atidzikinure pakuipa kose, kuti azvinatsire vanhu vakasanangurwa, vanoshingairira mabasa akanaka.	2:14 who gave himself for us to redeem us from all wickedness and to purify for himself a people that are his very own, eager to do what is good.
2:15 Taura zvinhu izvi, ukurudzire, utsiure nesimba rose; kurege kuva nomunhu unokuzvidza.	2:15 These, then, are the things you should teach. Encourage and rebuke with all authority. Do not let anyone despise you.
TITUS 3	TITUS 3
3:1 Uvayeudzire kuzviisa pasi pevatungamiriri nemasimba, kuti vateerere vatongi, vakazvigadzira basa rose akanaka,	3:1 Remind the people to be subject to rulers and authorities, to be obedient, to be ready to do whatever is good,
3:2 varege kunyomba munhu, varege kuva vebongozozo, vanyoro, vaitire vanhu vose unyoro hwose.	3:2 to slander no one, to be peaceable and considerate, and to show true humility toward all men.
3:3 Nekuti nesu pacheduwo taimbova matununu, tisingateereri, takatsauswa, tichishumira kuchiva nemafaro zvakasiyana siyana, tichirarama mukushata negodo, tichivenga, tichivengana.	3:3 At one time we too were foolish, disobedient, deceived and enslaved by all kinds of passions and pleasures. We lived in malice and envy, being hated and hating one another.
3:4 Kuzoti unyoro nerudo rwaMwari Muponesi wedu kuvanhu zvaonekwa,	3:4 But when the kindness and love of God our Savior appeared,
3:5 kwete zvichibva pamabasa ekururama atakaita, asi zvichienderana netsitsi dzake wakatiponesa kubudikidza nekushambidzwa kwekuberekwa kutsva nokuvandudzwa kweMweya Mutsvene,	3:5 he saved us, not because of righteous things we had done, but because of his mercy. He saved us through the washing of rebirth and renewal by the Holy Spirit,
3:6 waakawodzvorerera pamusoro pedu kubudikidza naJesu Kristu muponesi wedu,	3:6 whom he poured out on us generously through Jesus Christ our Savior,
3:7 kuti tichinzi takarurama nyenasha dzake, tiitwe vadyi venhaka zvichienderana netariro yeupenyu hwusingaperi.	3:7 so that, having been justified by his grace, we might become heirs having the hope of eternal life.
3:8 Ishoko rakatendeka uye zvinhu izvi ndinoda kuti murambe muchisimbisa, kuti vakatenda kuna Mwari vachenjerere kuchengetedza mabasa akanaka. Zvinhu izvi zvakanaka uye zvinobatsira kuvanhu;	3:8 This is a trustworthy saying. And I want you to stress these things, so that those who have trusted in God may be careful to devote themselves to doing what is good. These things are excellent and profitable for everyone.
3:9 asi nzvenga mibvunzo yeupenzi, nenhoroono dzamazita amadzinza, nemakakatamwa nemakakava pamusoro pemurairo, nekuti hazvibatsiri uye hazvina maturo.	3:9 But avoid foolish controversies and genealogies and arguments and quarrels about the law, because these are unprofitable and useless.
3:10 Munhu unotsauka shure kwekurairwa kwekutanga nekwechipiri umusiye,	3:10 Warn a divisive person once, and then warn him a second time. After that, have nothing to do with him.
3:11 uchiziva kuti uyo wakadaro wakatsauka, uye unotadza, achizvipa mhosva amene.	3:11 You may be sure that such a man is warped and sinful; he is self-condemned.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
3:12 Pandichituma Artema kwauri, kana Tikiko, ushingaire kuuya kwandiri kuNikopori; nekuti ndakazvipira kugarapo pachando.	3:12 As soon as I send Artemas or Tychicus to you, do your best to come to me at Nicopolis, because I have decided to winter there.
3:13 Shingaira kubatsira Zenasi nyanzvi yemutemo naAporo parwendo rwavo kuti varege kushaiwa chinhu.	3:13 Do everything you can to help Zenas the lawyer and Apollos on their way and see that they have everything they need.
3:14 Nevekweduwo ngavadzidze kuchengetedza mabasa akanaka anodikamwa pakushaiwa, kuti varege kuva vasina zvizereko.	3:14 Our people must learn to devote themselves to doing what is good, in order that they may provide for daily necessities and not live unproductive lives.
3:15 vose vaneni vanokukwazisa. Kwazisa avo vanotida parutendo. Nyasha ngadzive nemwi mose. Ameni.	3:15 Everyone with me sends you greetings. Greet those who love us in the faith. Grace be with you all.